

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Masyarakat Sunda upama nyarita tara ceplak pahang, tapi sok dibalibirkeun. Dina harti malapah gedang, henteu togmol atawa tara langsung kana inti anu dicaritakeunana. Sok dipikir heula pibasaean nu hadé keur diomongkeunana. Biasana ngagunakeun istilah-istilah anu nyiloka. Tujuanna sangkan henteu nyentug teuing kana haté nu narima tur sangkan miboga sikep komunikasi nu hadé dina kahirupan.

Komunikasi dina kahirupan téh aya dua rupa, nyaéta komunikasi langsung jeung komunikasi teu langsung (Marnetti, 2017, kc. 2). Komunikasi langsung dilakukeun ku cara paguneman. Ari komunikasi teu langsung bisa dilakukeun ku rupa-rupa cara, salasihijina ngaliwatan karya sastra. Larapna sikep ngabalibirkeun omongan téh dina karya sastra mah salasihijina ku cara ngagunakeun gaya basa. Gaya basa nurutkeun Keraf (2010, kc. 112) dipikawanoh dina rétorika maké istilah *style*, nyaéta kamampuh pikeun nulis atawa ngagunakeun kekecapan kalawan éndah. Luyu jeung pamadegan Stanton (2012, kc. 61) gaya basa nyaéta cara atawa tarékah pangarang dina makéna basa.

Karya sastra anu loba nyampak gaya basana salasihijina dina wanda dongéng. Dongéng nyaéta karya sastra anu sumebar sacara lisan jeung turun-turun ti kolot ka budakna. Dongéng ogé mangrupa carita rékaan anu ngandung unsur pamohalan, jeung miboga hikmah dina satukangeun caritana. Ieu hal luyu jeung pamadegan Tamsyah (1996, kc.121) anu nyebutkeun yén dongéng nyaéta carita rékaan anu méré kesan pamohalan tur ukuranna parondok.

Karya sastra dongéng anu loba ngandung gaya basa salasihijina aya dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018. Ieu téks dongéng téh mangrupa dongéng-dongéng sasakala anu aya di wewengkon Sukabumi. Ku kituna, ieu téks dongéng tangtu deukeut pisan jeung masyarakat salaku pamaké basa. Lantaran lian ti sipat dongéng nu sumebar sacara lisan ieu dongéng ogé eusina nyaritakeun asal-usul wewengkon tempat éta masyarakat

cicing. Ieu hal bisa jadi salasihiji tarékah pikeun ngungkulan masalah di masakatat anu geus langka ngagunakeun gaya basa. Saperti anu diébréhkeun ku Mulyawati, spk., (2019, kc.3) yén gaya basa geus langka digunakeun ku masarakat.

Hal anu ngabalukarkeun masarakat geus langka maké gaya basa téh lantaran teu wanoh sarta teu paham kana maksud gaya basana. Masarakat kudu mikanyaho heula élmunana saméméhna. Éta hal saluyu jeung pamadegan Susilowati (2016) yén istilah lain saperti majas atawa sarana rétorika hésé dipikaharti ku pamaca sacara umum lantaran pamaca kudu miboga pangaweruh husus ngeunaan sastra. Sababaraha conto gaya basa anu hésé dipikaharti dina éta téks dongéng di antarana: 1) “ngampar ngagelar satungtung deuleu”, dina éta ungkara pikeun jalma anu awam mah moal paham kana maksud ”satungtung deuleu”; 2) “Ceuk babasaana mah nepi ka hésé hitut-hitut acan”, hésé hitut di dieu miboga harti anu taksa, nyaéta saujratna hésé hitut atawa ma’na kias. Nilik ka dinya, tangtu éta gaya basa moal langsung dipikaharti ku pamaca, lantaran miboga ma’na nu nyiloka atawa henteu saujratna.

Dumasar kana éta hal di luhur, dina ieu téks dongéng baris ditalungtik gaya basa dumasar kana papasingan wanda nu nyindekel kana tiori Sudaryat. Éta gaya basa dipasing-pasing henteu dumasar kana patali hartina, tapi dibéréndélkeun saayana waé. Patali jeung tiori gaya basa nu diébréhkeun ku Sudaryat nu nyebutkeun yén gaya basa anu baris dipedar di dieu nyaéta gaya basa nu aya patalina jeung parobahan harti kecap dina éta pangwangunan (Sudaryat, 2010, kc.124). Ku kituna, dina ieu panalungtikan ogé baris dipedar katut harti gaya basana. Salian ti éta, kalimah anu nyampak gaya basa henteu sagemblengna ungkara mangrupa gaya basa tapi miboga pangwangunan. Dina ieu panalungtikan ogé baris ditalungtik katut wangun sarta adegan gaya basa nurutkeun tiori Sudaryat.

Ieu panalungtikan lain panalungtikan anu munggaran ngeunaan gaya basa, nepi ka mangsa kiwari aya sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun di antarana waé: “Gaya Basa Rétoris dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* karya Dian Hendrayana (Pikeun Bahan Pangajaran di SMP)” ku Eva Rahmawati dina taun 2017. Lian ti éta, aya panalungtikan anu judulna “Gaya Basa Babandingan

dina Novél Jangji Asih Karya Aam Amilia Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Novél di SMP” ku Tiara Camelia dina taun 2019. Satuluyna aya panalungtikan anu judulna “Wanda jeung Harti Gaya Basa Kiasan dina Novél Kembang Patapan Karya Syarif Amin” ku Astri Mulyawati dina taun 2019.

Sasaruaan tina ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua medar papasingan gaya basa. Najan ti kitu, tangtu waé aya bédana jeung ieu panalungtikan. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan Eva Rahmawati (2017) nyaéta tina ambahan panalungtikanna. Dina panalungtikan Eva Rahmawati (2017) mah medar wanda gaya basa rétoris wungkul kalayan maké tiori Keraf, ma’na gaya basa rétoris, sarta larapna pikeun bahan pangajaran di SMP. Dina panalungtikan Tiara Camelia (2019) medar gaya basa babandingan, ma’na gaya basa babandingan, jeung larapna gaya basa babandingan pikeun bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP. Satuluyna dina panalungtikan Astri Mulyawati (2019) saukur medar harti sarta ma’na dina gaya basa kiasan. Ari dina ieu panalungtikan mah dipedar sakabéh wanda gaya basa nurutkeun tiori Sudaryat, kaasup wangun gaya basa, adegan gaya basa, sarta ma’na gaya basana. Ku kituna, ieu panalungtikan bisa ngadeudeulan panalungtikan anu dilaksanakeun saméméhna.

Sajaba pikeun niténan gaya basa dina téks dongéng, kasang tukang séjén nu ngarojong dilakukeunna ieu panalungtikan nyaéta minangka salasahiji tarékah ngungkulan masalah nu aya di masarakat. Sabab saeutik pisan masarakat anu maham kana gaya basa. Padahal ayana gaya basa téh jadi ajén éstétis. Lian ti éta ogé bisa jadi sarana pikeun ngedalkeun ideu, ngedalkeun émosi, nepikeun moral, jeung sajabana. Ku kituna, ieu panalungtikan penting dilaksanakeun kalawan dijudulan “Gaya Basa dina Téks Dongéng Pasanggiri Tingkat Kabupatén Sukabumi Taun 2018”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah anu muncul dina ieu panalungtikan nyaéta jaman kiwari gaya basa geus langka dipaké ku masarakat jeung masarakat ogé teu paham kana ma’na nu nyampak dina gaya basa.

Ulikan ngeunaan gaya basa téh nyoko kana rupa-rupa aspék saperti wanda gaya basa, wangun gaya basa, adegan gaya basa, jeung ma'na gaya basa. Dumasar kana idéntifikasi masalah jeung watesan masalah nu geus dipedar, rumusan masalah dina ieu panalungtikan ébréh dina wangun kalimah pananya saperti kieu.

- 1) Wanda gaya basa naon waé anu nyampak dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018?
- 2) Wangun gaya basa naon waé anu nyampak dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018?
- 3) Adegan gaya basa naon waé anu nyampak dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018?
- 4) Ma'na gaya basa naon waé anu nyampak dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah anu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan miboga dua tujuan anu baris dihontal nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah anu geus dipedar, sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun gaya basa anu aya dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun ngeunaan: 1) wanda gaya basa; 2) wangun gaya basa; 3) adegan gaya basa; jeung 4) ma'na gaya basa anu nyampak dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi tilu, nyaéta mangpaat téoritis, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina segi aksi jeung isu sosial.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun kamekaran élmu pangaweruh dina widang stilistika, semantik, jeung sintaksis, hususna ngeunaan gaya basa dina téks dongéng.

1.4.2 Manfaat Praktis

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha mangpaat praktis di antarana pikeun siswa, guru, sakola, jeung panalungtik anu ébréh saperti ieu di handap.

1) Pikeun Siswa

Ieu panalungtikan bisa ngarojong siswa pikeun mikaweruh gaya basa dina dongéng.

2) Pikeun Guru

Ieu panalungtikan bisa méré informasi tur ngajembaran pangaweruh guru dina prosés ngajar, hususna dina pangajaran gaya basa dina dongéng.

3) Pikeun Sakola

Ieu panalungtikan bisa jadi salasahiji tarékah pikeun ngaronjatkeun kualitas pendidikan nu aya patalina jeung élmu kabasaan hususna gaya basa.

4) Pikeun Panalungtik

Ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung pangalaman panalungtik. Lian ti éta, bisa dijadikeun sarana panggeuing ka para panalungtik séjén pikeun medar hal nu sarupa dina kajian sastra séjénna.

1.4.3 Manfaat Tina Segi Aksi jeung Isu Sosial

Tina segi aksi jeung isu sosial, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun méré informasi jeung ngeuyeuban bacaan masarakat ngeunaan gaya basa dina téks dongéng sangkan masarakat loba anu ngagunakeun deui gaya basa minangka mamanis basa dina komunikasina.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan téh kabagi jadi sababaraha Bab, anu bisa diwincik saperti kieu.

Bab I Bubuka. Eusina ngébréhkeun kasang tukang panalungtikan dina panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu kabagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh sacara téoritis boh sacara praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Eusina ngeunaan tiori-tiori gaya basa. Tiori gaya basa kabagi deui jadi lima, kahiji hakékat gaya basa, kadua wanda gaya basa, katilu wangun gaya basa, ka opat adegan gaya basa, sarta kalima ma'na gaya basa anu nyampak dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar hasil ngolah jeung nganalisis data pikeun ngajawab rumusan masalah nyaéta wanda gaya basa, wangun gaya basa, adegan gaya basa, jeung ma'na gaya basa. Satuluyna dijieun pedaranna ku cara didéskripsikeun sacara proporsional.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Ieu bab mangrupa réfléksi tina hasil analisis panalungtikan sarta saran pikeun panalungtikan anu baris dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.